**दिन–सोम** **दिनांक–09.10.2023**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग पांच राज्य–राजस्थान, मध्यप्रदेश, तेलंगाना, छत्तीसगढ़ आ मिजोरम मे विधानसभा चुनाव कार्यक्रमक घोषणा कऽ देलक अछि। मुख्य निर्वाचन आयुक्त राजीव कुमार नव दिल्ली मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे जनौलनि जे छत्तीसगढ़ मे पहिल चरणक मतदान सात नवंबर के आ दोसर चरणक सत्रह नवंबर के होयत। ओतहि, मिजोरम मे सात नवंबर के एकहि चरण मे मतदान कराओल जायत। मध्यप्रदेश मे सत्रह नवंबर के, राजस्थान मे तेईस नवंबर आ तेलंगाना मे तीस नवंबर के एकहि चरण मे मतदान होयत। पांचो राज्य मे मतगणना तीन दिसंबर के होयत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि नव दिल्ली मे एशियाई खेल मे भाग लेबऽवला भारतीय एथलीट दल सभक संग वार्ता करताह आ हुनका संबोधित करताह। एहि कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री एशियाई खेल मे उत्कृष्ट उपलब्धि के लेल एथलीट सभक उत्साहवर्धन करबाक संगहि हुनका भविष्क प्रतियोगिताक लेल प्रेरित करताह। एशियाई खेल मे अट्ठाईस स्वर्ण पदक सहित भारत कुल एक सय सात पदक जीतलक अछि। एशियाई खेल मे ई भारतक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन अछि।

---

उच्चतम न्यायालय बिहार सरकार द्वारा प्राथमिक शिक्षक नियुक्ति प्रक्रिया मे बीएड डिग्रीधारी अभ्यर्थी लोकनि के एखन वर्तमान मे कोनो राहत नहि देलक अछि। न्यायमूर्ति ए. एस. बोपन्ना आ एम.एम. सुन्दरेशक पीठ एहि संबंध मे राज्य सरकार द्वारा दायर स्पेशल लीव पिटीशन के सुनवाई कयलक। खंड पीठ मामिला के जस्टिस अरूण घोष के पीठ के स्थानांतरित कऽ देलक। ई पीठ प्राथमिक शिक्षक भर्ती प्रक्रिया मे मात्र बी.टी.सी आ डीएलएड डिग्रीधारी अभ्यर्थी लोकनि के सम्मिलित कयल जयबाक आदेश देने छल। एस.एल.पी स्थानांतरित कयल गेलाक बाद राज्य सरकार याचिका आपस लऽ लेलक आ न्यायालय के जनौलक जे एहि मामिला मे नव ढंग सँ रिट याचिका दायर कयल जायत।

---

केन्द्र सरकार पटना के अनिसाबाद सँ पटना एम्स धरिक छओ लेनवला एलिवेटेड रोडक निर्माण के स्वीकृति दऽ देलक अछि। पथ निर्माण विभागक अधिकारीक सूत्रक अनुसार

सात किलोमीटर नम्हर एलिवेटेड रोड फुलवारीशरीफ के रास्ता सँ एम्स के जोड़ैत एन.एच एक सय अड़तीस मे जुड़ि जायत। एहि सड़कक निर्माण के लेल एखन धरि नओ सय पचास करोड़ टाका के राशि आवंटित कयल गेल अछि।

———————————————————————

राजद के विधान पार्षद प्रोफेसर रामबली चन्द्रवंशी जातीय गणना के रिपोर्ट के खारिज कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ओ कहलनि जे जातीय गणना के रिपोर्ट मे किछु स्पष्ट नहि अछि आ एहि मे पारदर्शिता नहि राखल गेल अछि। ओ रिपोर्ट मे चन्द्रवंशी समाजक आबादी बहुत कम दर्शेबाक आरोप लगौलनि अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक साहरघाट मे डकैत सभ एक व्यापारी के घर पर डकैती कऽ करोड़ो टाका के संपति लूटि लेलक। पुलिस जनौलक जे लगभग पचास के संख्या मे आयल डकैत सभ एहि घटना के अंजाम देलक। लूट–पाटक दरमियान अपराधी सभ घर के पांच सदस्य के चाकू मारि कऽ घायल कऽ देलक संगहि ओहि ठाम पहुंचल पुलिस टीम पर डकैत सभ गोलीबारी कयलक आ बम सँ हमला सेहो कयलक। बमबारी के घटना मे पुलिसक दू जवान घायल भऽ गेलाह। एहि मे सँ एक पुलिसकर्मी के नीक ईलाजक लेल मधुबनी पठाओल गेल। पुलिस डकैत सभक गिरफ्तारी के लेल लगातार छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————

राज्य मे डेंगू के मामिला मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत डेंगू के दू सय छियासी नव मरीज के पुष्टि भेल अछि। स्वास्थ्य विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना मे सभ सँ बेसी एक सय उनसठि मामिला भेटल अछि। एम्हर, वैशाली मे पंद्रह, सारण आ बांका जिला मे तेरह–तेरह आ भागलपुर मे दस नव मरीजक पुष्टि भेल अछि। प्रदेश मे डेंगू मरीजक संख्या नओ हजार सँ बेसी भऽ गेल अछि।

———————————————————————

आई विश्व डाक दिवस अछि। प्रतिवर्ष नओ अक्टूबर के विश्वभरिक लोक सभक जीवन मे डाक के भूमिकाक प्रति जागरूकता आनबाक उद्देश्य सँ ई दिवस मनाओल जायत अछि। एहि वर्ष डाक दिवसक थीम अछि ”टुगेदर फॉर ट्रस्ट”। भारत मे वर्ष सत्रह सय छियासठि मे रॉबर्ट क्लाईव नियमित डाक व्यवस्था के शुरूआत कयने छलाह। विश्व डाक दिवसक अवसरि पर आम लोकसभ के डाक विभागक विभिन्न सुविधा सभक जनतब देबाक लेल प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर मे आइ सी.पी.आई.एम द्वारा जन आक्रोश रैली के आयोजन कयल गेल। रैली के पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव आ पूर्व सांसद सीताराम येचुरी संबोधित कयलनि। ओ केन्द्र सरकार सँ देशभरि मे जातीय गणना करेबाक मांग कयलनि।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक भागवानपुर थाना क्षेत्रक नौला गाम मे पुलिस दू अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

शिवहर के पुलिस अधीक्षक अनंत कुमार स्थानीय अदालत के आदेश पर जिला के दू थाना अध्यक्ष सहित तीन पुलिस अधिकारी लोकनिक स्थानांतरण कऽ देलनि अछि।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक वनकटवा स्थित किसान भवन मे एस.एस.बी के दिस सँ मेरी माटी मेरा देश अभियानक अंतर्गत अमृत कलश यात्रा निकालल गेल आ लोकसभक घर सँ माटि एकत्र कयल गेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।